

Enfòmasyon sou Talkspace: Kesyon Moun Poze Souvan pou Paran ak Responsab Legal

Estrès lekòl, relasyon, konfli ant zanmi – lavi adolesan yo pa toujou fasil. Kidonk, gras ak nouvo pwogram NYC Teenspace la (Espas adolesan NYC), Vil New York mobilize pou li pèmèt adolesan nan vil la ki genyen ant 13 ak 17 lane jwenn yon terapeut Talkspace, resous pou sante mantal, elatriye, **gratis ti cheri.**

Kijan li fonksyone

- Adolesan w lan ale sou talkspace.com/nyc epi li mete dat li fèt la ak adrès li pou l kalifye.
- Li reponn kèk kesyon ki konsène li ak preferans li genyen nan zafè terapi.
- Li ap mete adrès imèl yon paran oswa yon responsab legal epi yo ap voye yon imèl ba ou pou bay konsantman ou.
- An jeneral, yo mete adolesan yo an kontak ak yon terapeut nan espas yon jou (24 èdtan). Sa fèt sou baz eleman tankou sitiyasyon adolesan yo ak espesyalite terapeut la.
- Adolesan w lan ap kapab fè yon seyans videyo an dirèk chak mwa epi li ap kapab fè terapi nan mesaj nètalkole. An jeneral, terapeut yo reponn chak jou, senk jou sou sèt.
- Epitou, adolesan w lan kapab itilize aplikasyon Talkspace Go a pou li jwenn aktivite ak kou anliy ki baze sou sante mantal.



Kesyon Moun Poze Souvan

Kiyès ki elijib epi konbyen kòb li koute?

Pwogram nan fèt pou nenpòt adolesan k ap viv nan NYC ki genyen ant 13 ak 17 lane epi li toutafè gratis.

Èske terapeut Talkspace yo gen lisans ak kalifikasyon pou yo travay avèk adolesan?

Terapeut Talkspace yo genyen lisans nan travay sosyal, konsèy pwofesyonèl, epi terapi maryaj ak terapi fanmi. Yo kalifye selon nòm Komite Nasyonal pou Asirans Kalite (National Committee for Quality Assurance, NCQA) etabli. Terapeut Talkspace yo resevwa fòmasyon pou yo ede moun tout laj, san wete adolesan yo, epi yo kapab ede rezoud yon dividal pwoblèm sante mantal ki touche jèn moun yo.

Èske genyen terapeut ki pale lang ki pa lang Anglè?

Talkspace gen terapeut ki kapab bay sèvis nan plis pase 30 lang diferan, epi li genyen yon sèvis tradiksyon ki disponib nan 120 lang. Si adolesan w lan ta renmen genyen yon terapeut ki pale yon lang ki pa lang Anglè, oswa li mande sèvis tradiksyon, kontakte ekip nou an nan

help.talkspace.com/hc/en-us/requests/new.

Èske konsantman paran yo obligatwa?

Selon lalwa, fòk paran yo oswa responsab legal la bay konsantman. Sepandan, nan kèk sitiyasyon yo eksplike nan "Lwa sou Ijyèn Mantal" (Mental Hygiene Law) Eta a, konsantman sa a pa nesesè. Yo ap mande adolesan w lan bay enfòmasyon pou pran kontak ak ou menm ki se paran an oswa responsab legal la, epi Talkspace ap voye yon imèl ba ou pou siyen yon fòm konsantman.

Èske mwen kapab kontakte terapeut adolesan mwen an?

Paran oswa responsab legal yo kapab kontakte terapeut la nenpòt ki lè si genyen yon pwoblèm ijan. Men, terapeut la ka pa an mezi pou l pataje enfòmasyon sou adolesan w lan san konsantman adolesan an. Adolesan w lan kapab bay konsantman li lè l ranpli fòm Konfidansyalite ak Limit la nan lyen sa a help.talkspace.com/hc/en-us/article_attachments/11096705277723 epi lè l voye li nan recordrequest@talkspace.com pou yo trete demann lan.

Kijan mwen kapab asire mwen enfòmasyon adolesan mwen an pwoteje?

Platfòm Talkspace la reponn ak egzijans Lwa sou Transferablite ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) fè yo. Lwa sa a se yon lwa federal ki pwoteje enfòmasyon ki sansib sou sante pasyan yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou hhs.gov/hipaa/for-individuals/index.html. Enfòmasyon pasyan yo pwoteje nan de (2) mannyè: premyeman, yo pwoteje avèk yon kòd sekre lè yo estoke nan bazdone a, epi dezyèmman, yo kòde yo lè yo ap voye yo sou aparèy adolesan w lan oswa lè yo ap soti sou aparèy li a.

Konbyen tan adolesan yo kapab rete enskri nan NYC Teenspace?

Pwogram nan ap rapousuiv rive jis nan mwa novanm 2026. Si yon pasyan gen 18 lane anvan dat sa a, li kapab kontinye travay avèk terapeut li a jiska 30 jen nan menm ane sa a. Apre dat sa a, terapeut la ap di pasyan an ki opsyon ki genyen pou l kontinye ba li swen.

Èske terapi anliy nan efikas?

Selon rechèch yo, lè ou pale avèk yon terapeut nan mesaj, li kapab efikas menm jan ak lè ou pale avèk yon terapeut fas-a-fas pou pwoblèm emosyonèl ak pwoblèm sante mantal moun genyen souvan tankou depresyon, anksyete, adiksyon ak pwodui chimik, estrès, twoub estrès apre chòk (Post-traumatic stress disorder, PTSD), elatriye.

Plis kesyon?

Tanpri ale sou talkspace.com/nyc pou wè ribrik ki gen tout kesyon moun poze souvan yo.